

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Asyafah (2020, kc. 2) méthode asalna tina basa Greek nu diwangun ku dua kecap, nya éta *meta* jeung *hodos*. *Meta* artina milampah, ngaliwatan, nuturkeun; jeung *hodos* artina jalan. Jadi *meta-hodos* nyaéta jalan nu dipilampah. Upama dihijikeun jeung kecap panalungtikan, ieu wangenan téh luyu jeung pamadegan Muliawan (2014, kc. 60), yén méthode panalungtikan nyaéta cara atawa jalan nu dipilampah pikeun ngalaksanakeun panalungtikan.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 9) Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu dasarna filsafat postpositivisme, dipaké pikeun nalungtik objék nu alami, nu jadi instruménna nya éta panalungtikna sorangan, téhnik ngumpulkeun datana triangulasi (gabungan), sarta analisis datana miboga sipat induktif. Diwewegan ku pamadegan Muliawan (2014, kc. 31) yén panalungtikan kualitatif téh panalungtikan nu jadi unsur pentingna nyaéta daya nalar panalungtikan jeung imajinasi nu sistematis, ngawengku réalita tiori dumasar *literature* atawa kajian pustaka ti pabukon.

Méthode dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Nurutkeun Ratna (dina Dwiyanandi jeung Suherman, 2019, kc. 206) méthode déskriptif nyaéta méthode panalungtikan kalawan ngadésktipsikeun fakta-fakta sumber data, tahap saterusna nya éta nganalisis. Lian ti éta, Asyafah (2020, kc. 231) nyebutkeun méthode déskriptif é mang geus jadi méthode nu umum dipaké dina panalungtikan. Luyu jeung pamadegan, Asyafah (2020, kc. 231) nétélakeun méthode déskriptif nyaéta méthode panalungtikan nu dipaké pikeun ngagambarkeun, nétélakeun jeung ngajawab rumusan masalah nu keur lumangsung. Méthode déskriptif anu digunakeun nya éta déskriptif analitik.

Nurutkeun Ratna (2010, kc. 53) méthode déskriptif analitik nyaéta cara ngadésktipsikeun fakta-fakta tuluy dianalisis. Tujuan tina ieu méthode nyaéta pikeun


ngadéskripsikeun pupujian *Akhlaku lil Banin*, sarta nganalisis wangun struktural jeung ajén sosialna pikeun dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP.

### 3.2 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Asyafah (2020, kc. 292) désain panalungtikan nyaéta susunan rencana nu dijadikeun cecekan dina ngalaksanakeun panalungtikan. Jadi desain panalungtikan téh mangrupa bagan guluyuran tahap panalungtikan nu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Desain panalungtikan ngawengku ieu di handap.

- a. Ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah panalungtikan.
- b. ngumpulkeun data, mangrupa déskripsi dina kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin*.
- c. ngadéskripsikeun struktur batin pupujian nu ngawengku téma atawa ma'na, rasa, nada jeung suasana, sarta amanat atawa pesen nu aya dina éta pupujian.
- d. ngadéskripsikeun struktur lahirna mangrupa diksi, imaji, kecap nyata atawa konkrit, majas, verifikasi, jeung tipografi nu aya dina éta pupujian.
- e. nganalisis ajén sosial pupujian.
- f. ngawilah-wilah pupujian mana waé nu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII. Jeung
- g. ngadéskripsikeun hasil jeung kacindekan panalungtikan.


Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan



### 3.3 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.3.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Pondok Pasantrén Al-Barokah. Pasantrén Al-Barokah mangrupa pasantrén nu aya di Kampung Cilandak, RT. 004 RW 005, Kelurahan Sukarasa, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung. Ieu pasantrén téh beulah kidul diwatesan ku Kampung Babakan, beulah kalér diwatesan ku Kampung Geger Kalong, beulah kulon diwatesan ku Kampung Cijerokaso, jeung beulah wétan diwatesan ku Perumahan Sétra Murni. Jumlah guru ngaji di ieu pasantrén aya 4, nyaéta Akang Sepuh salaku pimpinan, Akang Anom salaku pengasuh, A. Haji Utsman, jeung A. Haji Badru. Dipilihna éta lokasi lantaran pupujian nu ditalungtik sok di baca jeung di wurukeun ku Akang Anom di éta pasantrén. Lian ti éta, panalungtik sorangan masantrén di ieu lokasi, numantak kataji pikeun nalungtik éta pupujian nu sapopoena sok dinadomkeun.



Tabel 3. 1 Peta Pondok Pasantrén Al-Barokah

### 3.3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa salahsahiji hal penting dina proses ngumpulkeun data. Data dina ieu panalungtikan nyaéta ajén sosial dina pupujian *akhlaku lil banin*, sarta sumber datana nyaéta pupujian *akhlaku lil banin*. Anapon sumber data nu bisa dipaké pikeun kajian literatur numutkeun Setyosari (dina Asyafah, 2020, kc. 79) nyaéta:

- a. Buku-buku référénsi atawa rujukan ilmiah;
- b. artikel dina jurnal professional;
- c. undang-undang jeung laporan resmi pamaréntah;
- d. prosiding jeung makalah dina konférensi;
- e. monogfar;
- f. buku-buku umum;
- g. laporan skripsi, tésis, jeung disertasi;
- h. *web sites*;
- i. majalah jeung surat kabar; jeung
- j. sumber individual: hasil wawancara, préntasi, jeung cutatan kuliah.

Nurutkeun Asyafah (2020, kc. 79) sumber panalungtikan dibédakeun jadi tilu warna, nyaéta: (1) sumber umum; (2) sumber primer; jeung (3) sumber sékunder. Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin* nu miboga 33 judul. Sumber data dina ieu panalungtikan dicangking ti buku nu aya patalina jeung masalah panalungtikan, sarta ti narasumber nu ngawuruk kana éta pupujian.

#### 3.3.2.1 Narasumber

Narasumber dina ieu panalungtikan nya éta pengasuh Pondok Pasantren Al-Barokah nu ngawurkeun pupujian *Akhlaku lil Banin*. Anapon data narasumberna disebutkeun dina tabél ieu dihandap,

Tabel 3. 2 Data Narasumber

<b>Narasumber</b>	
	
Ngaran	: KH. Yayat Nurul Hidayat
Umur	: 47 Taun
Pakasaban	: Mubaligh
Atikan	: Ma'had Ali Miftahul Huda Manonjaya
Padumukan	: Jl. Cilandak, Désa Sukarasa, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung
Kalungguhan di Pasantrén	: Pengasuh Pondok Pasantrén Al-Barokah

### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Dina ieu bagéan medar perkara téhnik ngumpulkeun data katut instrumén panalungtikanna.

#### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Chandra, Rahman, spk (2021, kc. 904) téhnik ngumpulkeun data disebut ogé tahap data *collection*. Téhnik ngumpulkeun data mangrupa hal utama dina panalungtikan, lantaran tujuan utama panalungtikan nya éta meunangkeun data. Nu jadi instrumén ngumpulkeun data dina pamarekan panalungtikan kualitatif nurutkeun Asyafah (2020, kc. 293) nya éta panalungtikna sorangan. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta literatur, observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung transliterasi naskah, saperti dijéntrékeun ieu di handap.

## 1) Literatur (Studi Pustaka)

Téhnik ngumpulkeun data model literatur nurutkeun Muliawan (2014, kc. 192) nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung informasi panalungtikan nu sumberna ti media tékstual kapustakaan kawas panulisan karya ilmiah wangun makalah, artikel, laporan panalungtikan, buku, gambar, poto, tabél, grafik, jeung simbol atawa lambang-lambang nu aya dina media citak.

Téhnik literatur digunakeun pikeun néangan dasar tiori nu aya patalina jeung subjék panalungtikan, kawas tiori ngeunaan pupujian, ajén sosial, jeung tiori ngaregepkeun. Pikeun ngalaksanakeun ieu téhnik, panalungtik néangan dasar-dasar tiori panalungtikan di Pabukon Program Studi Bahasa Sunda, Perpustakaan Universitas Pendidikan Indonesia, Perpustakaan Ajip Rosidi, sarta *web site* nu kapercaya.

## 2) Observasi

Nurutkeun Ariawan, Utami, jeung Rahman (2018, kc. 98) téhnik observasi nyaéta cara ngumpulkeun data ngaliwatan panalungtikan langsung kana subjek atawa objék nu ditalungtik. Muliawan (2014, kc. 62) nyebutkeun téhnik observasi nyaéta téhnik nu ngagunakeun cara talaah langsung kana objék panalungtikan. Nu dimaksud talaah didieu lain ukur ningali, tapi ngarékam, ngitung, ngukur, jeung nyutat. Dumasar jenisna, Muliawan (2014, kc. 179) ngabagi téhnik observasi kana dua bagéan, nya éta observasi langsung jeung teu langsung.

Dina ieu panalungtikan, observasi dilaksanakeun sacara langsung ka lokasi nu jadi sumber datana nya éta ka Pondok Pasantrén Al-Barokah nu aya di Kampung Cilandak Desa Sukarasa Kecamatan Sukasari Kota Bandung. Sakumaha ditétélakeun dina tabél ieu di handap.

Tabel 3. 3 Tabél Observasi

No.	Waktu	Tempat	Kegiatan	Narasumber
1	21 Juni 2022	Pondok Pasantrén Al-Barokah	Idéntitas pupujian Akhaku lil Banin	KH. Yayat Nurul Hidayat

Tabel 3. 4 Instrumén Observasi

No	Indikator anu diobservasi	Kabutuhan	
		X	✓
1	Aya pangajian		✓
2	Pupujian <i>Akhlaku lil Banin</i> sok dinaomkeun		✓
3	Basa anu aya dina pupujian: Sunda Indonésia Arab		✓
4	Eusi Pupujian luyu jeung pamadegan Yus Rusyana		✓
5	Pupujian diajarkeun ka santri		✓
6	Pupujian diajarkeun ka masarakat	✓	

### 3) Wawancara (Interview)

Nurutkeun Muliawan (2014, kc. 180) wawancara nyaéta téhnik dialog antara panalungtik salaku subjek jeung narasumber salaku objek nu ditalungtik. Muliawan (2014, kc. 181) nyebutkeun téhnik wawancara umumna dilaksanakeun dina 4 modél, nya éta wawancara *terstruktur*, teu *terstruktur*, *terbuka*, jeung *terselubung*.

Téhnik wawancara nu digunajeun dina ieu panalungtikan nya éta wawancara terstruktur. Jenis ieu wawancara ngutamakeun téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun wawancara nu geus disusun sarta direcanakeun, ti mimiti,

1. milih jeung nangtukeun narasumber nu diwawancara;
2. waktu jeung tempat wawancara;
3. téma jeung inti topik nu bakal ditanyakeun;
4. susunan patalékan nu bakal ditanyakeun; jeung
5. perangkat sarta media nu digunakeun dina wawancara.



Anapon susunan wawancara terstruktur ieu panalungtikan dina tabél dihandap.

Tabel 3. 5 Wawancara Terstruktur

Judul Panalungtikan	Ajén Sosial dina Pupujian <i>Akhlaku Lil Banin</i> pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP Kelas VII (Ulikan Struktural).
Objék nu diwawancara	Pengasuh Pondok Pesantrén Al-Barokah Kampung Cilandak Desa Sukarasa Kecamatan Sukasari Kota Bandung.
Waktu jeung Tempat, Poé, Tanggal Jam Tempat	Salasa, 21 Juni 2022 08.00 WIB-réngsé Kantor Pondok Pesantrén Al-Barokah
Téma jeung Topik Inti	Alesan pengasuh pasantrén ngawuruk pupujian <i>Akhlaku lil Banin</i>
Perangkat jeung Média nu digunakeun dina Wawancara	1. HP pikeun ngarékam 2. Kaméra 3. Pulpén 4. Buku

#### 4) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nyaéta téhnik pikeun nalungtik barang tertulis, kawas buku, majalah, dokumén, aturan-aturan, notulénsi rapar, jrrd. Data dokuméntasi dina ieu panalungtikan mangrupa catetan téks pupujian *Akhlaku lil Banin*.


#### 5) Transliterasi Naskah

Translitrasi nyaéta kagiatan ngaganti atawa mindahkkeun aksara awal kana aksara séjén, bisa ogé mindahkeun téks lisan mangrupa rékaman kana téks tulisan. Tujuan kagiatan transliterasi naskah pikeun ngalihaksarakeun téks *pupujian Akhlaku lil Banin* tina aksara pégon kana aksara latén basa Sunda, sarta ngalihaksarakeun wangun rékaman wawancara kana wangun tinulis

### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiono (2013, kc. 102) instrumén panalungtikan mangrupikeun alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial nu diperhatikeun sacara taliti. Nurutkeun Asyafah (2020, kc. 360) instrumén panalungtikan salaku alat ngumpulkeun data, diwincik jadi dua jenis, nya éta instrumén tés jeung instrumén non-tes. Instrumén tés miboga dua wangun tés, sarta instrumén non-tés miboga tujuh wangun tés. Gambaran umumna divisualkan dina bagan di handap.

Bagan 3. 2 Instrumén Panalungtikan



### 3.4.2.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun data

Dina ieu panalungtikan, sangkan ngahasilkeun data nu nyugemakeun, ngagunakeun sababaraha instrumén nyaéta ieu di handap.

#### 1) Tabél literatur

No.	Judul Pupujian

Tabel 3. 6 Studi Pustaka

Pikeun maluruh pupujian anu aya dina pupujian *Akhlaku lil banin* dituliskeun daptar judul anu aya dina éta pupujian.

Pangarang	:	
Asal	:	
Taun	:	
Jumlah judul pupujian:		
Panulis	:	

Tabel 3. 7 Déskripsi Pupujian

Lian ti nuliskeun daptar judul anu aya dina éta pupujian, dituliskeun ogé biografi pangarang éta pupujian.

#### 2) Format obsérvasi, digunakeun pikeun ngumpulkeun data nalika panalungtik ka lapangan. Ieu di handap mangrupa tabél format observasi.

No.	Waktu	Tempat	Kagiatan	Narasumber

Tabel 3. 8 Format Observasi

#### 3) Padika wawancara, digunakeun pikeun nungtun panalungtik ngumpulkeun data ti narasumber. Ieu padoman mangrupa runtuyan patalékan nu baris diajukeun ka narasumber sangkan meunang informasi atawa data.

Tabel 3. 9 Padika Wawancara

<b>Wasta:</b>	
<b>Poé, Tanggal:</b>	
<b>No.</b>	<b>Daftar Patalékan</b>
1.	Akang Anom di Pasantrén Al-Barokah ngawulang kitab naon waé?
2.	Naon nu jadi kasangtukang akang ngawulang pupujian <i>Akhlaku lil Banin</i> ?
3.	Nurutkeun akang, kumaha sikep pamuda jaman ayeuna?
4.	Naon nu ngabalukarkeun ajén sosial pamuda jaman kiwar turun?
5.	Kumaha kamekaran pupujian jaman ayeuna?
6.	Kumaha cara ngawuruk akang kana éta pupujian?
7.	Taun baraha dikarangna éta pupujian?
8.	Ti mana asalna éta pupujian?
9.	Nurutkeun akang, naha ieu pupujian téh bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di sakola?

Tabel 3. 10 Biodata Narasumber

<b>Poé, Tanggal:</b>	
<b>Idéntitas Narasumber</b>	
Ngaran	:
Umur	:
Pakasaban	:
Atikan	:
Padumukan	:

## 4) Dokuméntasi

Alat nu digunakeun pikeun ngalaksanakeun dokuméntasi nyaéta kaméra, digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun pupujian, tempat panalungtikan, jeung narasumber nu diwawancara sarta alat pikeun ngarékam, nu digunakeun pikeun ngarékam wawancara jeung narasumber dina prosés ngumpulkeun data.

5) Transliterasi

Judul Pujian	:
Téks pujian aksara Arab pégon	:
Transliterasi téks pujian kana aksara latén	:

Tabel 3. 11 Kartu data Tranliterasi Téks Pujian

### 3.4.2.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Instrumén panalungtikan dina ngolah data nyaéta kagiatan nganalisis struktur pujian jeung ajén sosialna. Di handap mangrupa tabél ngolah data.

Tabel 3. 12 Tipografi

<b>Pada ka-</b>	<b>Padalisan ka-</b>	<b>Rumpaka</b>	<b>Jumlah Engang</b>

Struktur lahir pujian anu dianalisis miboga jumlah pada, padalisan, rumpaka, jeung jumlah engang anu dituliskeun dina tabél tipografi.

Tabel 3. 13 Diksi

<b>Pada ka-</b>	<b>Padalisan ka-</b>	<b>Rumpaka</b>	<b>Keterangan</b>

Diksi anu aya digunakeun dina pujian kawas diksi absolut, konotatif, dénotatif, dituliskeun dina tabél diksi.

Tabel 3. 14 Imaji jeung Kecap Konkrit

<b>Pada ka-</b>	<b>Padalisan ka-</b>	<b>Kecap Konkrit</b>	<b>Imaji</b>

Imaji atawa daya bayang pamaca kana pujian anu dibuktikeun ku kecap konkrit dituliskeun dina tabél imaji jeung kecap konkrit.

Tabel 3. 15 Gaya Basa

<b>Pada ka-</b>	<b>Padalisan ka-</b>	<b>Ungkara</b>	<b>Gaya Basa</b>

Gaya basa anu digunakeun ku panulis dina pupujianna, kawas gaya basa ngupamakeun, mijalma, jst, dituliskeun dina tabél gaya basa.

Tabel 3. 16 Purwakanti

Pada ka-	Ungkara	Wangun Purwakanti	Wangun Purwakanti


Purwakanti dina unggal pada pupujian kaasup kana purwakanti kantétan opat jeung kantétan dua. Purwakanti anu geus kapaluruh dituliskeun dina tabél purwakanti.

### 3.5 Téhnik Analisis Data

Nurutkeun Asyafah (2020, kc. 493) analisis data nyaéta téhnik nu dilaksanakeun pikeun ngarobah data hasil panalungtikan jadi informasi nu bisa digunakeun dina nyieun kacindekan. Anapon Nasution (dina Asyafah, 2020, kc. 508) nyebutkeun analisis téh proses nyusun data sangkan bisa ditafsirkeun. Ieu panalungtikan kagolong analisis data kualitatif model interaktif. Nurutkeun Asyafah (2020, kc. 509) tujuan dina analisis data kualitatif nya éta sangkan panalungtik nyangking ma'na hubungan semantik antara variabel-variabel, nepi ka bisa ngajawab rumusan masalah panalungtikan.

Prosés analisis dina ieu panalungtikan, divisualkeun ku Milles jeung Hubermén (dina Asyafah, 2020, kc. 512) nu diwangun ku réduksi data, midangkeun data, jeung nyieun kacindekan.

Tabel 3. 17 Téknik Analisis Data



#### 1. Reduksi data

Kegiatan réduksi data nyaéta milih hal-hal poko, museur kana hal-hal anu penting, sarta néangan téma jeung polana. Upama data geus diréduksi, panalungtik bakal gampang dina méré gambaran sacara leuwih jéntré. Prosés ngaréduksi dina ieu panalungtikan nya éta ku cara milah-milah pupujian luyu jeung papasinganna. Anapon pupujian anu sakirana teu nyumponan kritéria nu geus ditangtukeun, teu diasupkeun kana analisis pupujian.

## 2. Midangkeun data

Tujuan proses midangkeun data sangkan panalungtik leuwih paham ka nu ditalungtikna. Tahap midangkeun data dina ieu panalungtikan nya éta dijéntrékeun ngaliwatan analisis pupujianna, kalayan dianalisis wangun jeung eusi dina ieu pupujian.

## 3. Nyieun kacindekan

Léngkah pamungkas téhnik analisis data nya éta nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Luyu jeung pamadegan Hérdiansyah (dina Asyafah, 2020, kc. 523), ieu kacindekan téh diarahkeun pikeun ngajawab rumusan masalah nu ditulis saméméhna sarta ngajawab “*what*” jeung “*how*” tina hasil panalungtikan. Kacindekan dina ieu panalungtikan mangrupa pamanggih anyar nu mangrupa déskripsi objék sanggeus ditalungtik, sarta jadi hasil pamungkas tina obsérvasi jeung analisis data sacara sistematis.